# Ki jan pou w Fè yon Òf sou Entènèt Grasa Pòtay Founisè Vil Boston an

1. Yonfwa w fin kontekte ak Pòtay la, chèche djòb ki enterese w nan lis ‘Events’ lan (Evènman) epi klike sou lyen ‘Non Evènman’ an.




2. Paj ‘**Event Details**’ la (Detay sou Evènman an) pral parèt. Paj sa a se gade w ka gade l sèlman. Ou poko ka antre okenn enfòmasyon sou òf ou pral fè a. Ou ka aksede nenpòt atachman kreyatè evènman an te mete disponib lè w klike sou lyen ‘View Event Package’ la (Gade Pake Evènman an) ki sou bò dwat pati ‘Bidding Shortcuts’ la (Lyen Òf yo).



3. Lè w klike sou lyen ‘View Event Package’ la, l ap mennen w nan paj ‘**Event Header Comments and Attachments**’ la (Kòmantè ak Atachman yo pou Evènman an). Isit ou ka gade nenpòt dokiman ki ansanm ak evènman an kreyatè l la te ajoute, tankou detay ak ransèyman presi, elatriye, lè w klike sou bouton ‘View’ la (Gade). Klike bouton ‘OK’ la pou w tounen nan paj ‘**Event Details**’ la.




**TIP:**

If the document does not display it could be the pop-up blocker settings on your PC. Click on your pop-up blocker message and select 'Allow Download'. Another method is to press and HOLD your Control (Ctrl) key while clicking the 'View' button. Give it a moment and the document should download .

4. Lè w pare pou w kòmanse fè òf pa w la, klike bouton ‘Bid On Event’ lan (Fè Òf pou Evènman an).



5. Sistèm nan pral mande w si w ta renmen yo tou mete yon kantite ki tonbe daplon ak kantite Vil la mande a. Jeneralman, w ap vle klike ‘**Yes**’ (Wi) la a. W ap ka toujou chanje kantite sa yo nan paj ki vin apre a si w bezwen.




6. Kounye a w tounen nan paj ‘**Event Details**’ la. Sepandan, se pa gade w gade paj la sèlman, kounye a w ka antre enfòmasyon, tankou reponn kesyon sou òf la ki obligatwa yo, antre montan òf ou a, ak ajoute dokiman pa w yo kòm atachman si sa nesesè. Kounye a w ap wè 3 nouvo bouton: ‘Submit Bid’, ‘Save for Later’, ak ‘Validate Entries’. Nou dekri fonksyon yo annapre:
    - <u>‘Validate Entries’ (Verfiye Òf)</u>: Sa pral verifye òf ou fè yo e avèti w si gen fot nan òf ou te antre yo anvan w depoze l.
    - <u>‘Save for Later’ (Sovgade pou Pita)</u>: Si w kòmanse reponn kesyon yo pou òf ou a epi w deside ou bezwen fini l yon lòt lè, men w pa vle pèdi sa w te gentan fè, ou ka klike bouton sa a. *Li enpòtan pou w note ‘Save for Later’ pa depoze òf ou bay Vil la. <u>FÒK ou klike bouton ‘Submit Bid’ la (Depoze Òf) pou w voye òf ou a.</u>
        - **<u>Enpòtan</u>: Si w depoze yon òf, apre sa w al ladan l ankò anvan delè a pou w gade/korije l, FÒK ou depoze l ankò lè w klike bouton ‘Submit Bid’ la ankò.**
    - <u>‘Submit Bid’ (Depoze Òf)</u>: Sa pral voye òf ou fin ranpli a bay Vil Boston an. Menm jan ak bouton ‘Validate Entries’ la, sistèm nan pral avèti w si w pa t reponn youn nan kesyon ki obligatwa yo lè w klike bouton sa a.

Oubyen tou, ou ka gade nenpòt nan atachman kreyatè evènman an te bay yo pou moun k ap fè òf yo lè w klike sou lyen ‘View/Add General Comments and Attachments’ lan (Gade/Ajoute Kòmantè Jeneral ak Atanchman).




(Desann)

Gen 2 etap prensipal pou w suiv pou w depoze yon òf. Etap #1 - ‘Answer General Event Questions’ (Reponn Kesyon Jeneral sou Evènman an) avèk Etap #2 - ‘Enter Line Bid Responses’ (Antre Repons yo pou Òf ou).

<u>Etap #1 - ‘Answer Bid Event Questions’ (Reponn Kesyon Jeneral sou Evènman an)</u>



7. Ou ka reponn anpil nan kesyon anrapò ak òf la lè w chwazi repons ou nan lis repons yo, jan w wè sa pi ba a. Gen lòt kesyon k ap mande w antre yon tèks, oubyen pafwa ou gendwa bezwen atache yon fichye pou w repon kesyon an. Reponn tout kesyon ki obligatwa yo.




Etap #2 - 'Enter Line Bid Responses' (Antre Repons yo pou Òf Ou)

8. Yonfwa w fin reponn tout kesyon ki obligatwa yo, desann nan atik la (yo) yo site pou evènman an. Se la w pral antre 'Your Unit Bid Price' (Pri Inite Òf Ou) pou tout atik ki nan evènman an.



Gen plizyè kolòn ki gen rapò ak chak atik. Gade imaj la anba pou w jwenn esplikasyon pou chak.




1.) ‘<u>Requested Quantity’ (Kantite yo Mande)</u>: *(se yo k mete l).* Kantite Vil Boston an ap mande pou chak atik.

2.) ‘<u>Your Bid Quantity’ (Kantite w ap Ofri)</u>: *(Espas Obligatwa).* Kantite atik ou dispoze bay. (Nòmalman, valè sa a egal ak kantite Vil la mande a si w te chwazi ‘Yes’ nan etap #6 ki pi wo a. Ou ka chanje l si sa nesesè).

3.) ‘**<u>Your Unit Bid Price’ (Pri w ap Ofri pou Chak Atik)</u>**<u>:</u> *(Espas Obligatwa).* Mete ki pri w ka bay atik sa a. Fòk ou antre yon pri inite pou chak atik ou vle depoze yon òf pou li.

4.) ‘<u>No Bid’ (Pa Fè Òf):</u> *(Opsyonèl).* Si w pa vle fè òf pou yon sèten atik, fòk ou mete tchèk nan kare ‘No Bid’ la.

5.) ‘<u>Your Total Bid Price’ (Pri Total Òf Ou):</u> *(Li Ranpli Otomatikman)*. Se total yo jwenn lè yo kalkile pri w ofri pou chak atik miltipliye pa kantite w ap ofri a. Sistèm nan kalkile l otomatikman. Ou pa bezwen antre anyen nan espas sa a.

6.) <u>Lyen ‘Bid’ (Òf) la:</u> *(Opsyonèl).* Ou pa oblije klike sou lyen sa a pou majorite evènman yo. Sepandan, gen kèk evènman ki gendwa egzije w ajoute enfòmasyon ki pi detaye sou atik la, tankou konpayi k ap pwodui l ak nimewo pyès pwodui w ta renmen founi Vil Boston an. Si se konsa, lè w klike bouton ‘Submit Bid’ oswa ‘Validate Entries’, sistèm nan ap avèti w sa lè l endike ou manke enfòmasyon sou nimewo liy sa a.

7.) ‘<u>Line Comment/Attachments’ (Kòmantè/Atachman):</u> *(Opsyonèl).* Klike isit pou w ajoute nenpòt kòmantè oswa atachman ki gen yon rapò dirèk ak atik presi sa a.

9. Lè tout espas ki obligatwa yo fin ranpli e w pare pou w depoze òf ou a bay Vil Boston an, klike bouton ‘**Submit Bid**’ la.



10. Lè w klike 'Submit Bid', li gendwa pran yon ti tan pou sistèm nan trete òf ou a. Yonfwa l fin trete òf ou, w ap jwen yon mesaj konfimasyon ki konfime ou te depoze yon òf. W ap resevwa yon imèl tou ki konfime ou te depoze yon òf, ansanm ak yon fichye .pdf ki gen òf ou.




11. Ou fin depoze òf/pri ou a.

Si w gen nenpòt kesyon oubyen w rankontre kèlkeswa difikilte pandan w ap itilize Pòtay Founisè sou entènèt la, tanpri, voye yon imèl ban nou nan vendor.questions@boston.gov oswa rele nou nan 617-961-1058. Tanpri, pran yon bon valè tan pou w fin abitye ak pòtay founisè a, e si w gen nenpòt kesyon, chèche repons byen anvan delè òf ou a.

Mèsi dèske w ap itilize pòtay founisè Vil Boston an!